REFLECTIONS OF HOPE

Magdalena

Released From Shame



SHONA

Leader's Guide

* **Mwari varikutaura newe here kubudikidza nenyaya yaMaria? Zvii zvaungada kusunungurwa kubva kwazviri muupenyu hwako?**

Zvokwadi

Kubudikidza neukama hwedu naMwari, Jesu Kristu vanogona kuti sunungura kubva mumatambudziko neuranda muupenyu hwedu. Nhasi uno vazhinji varikutsvaga rusununguko mune zvakasiyana-siyana:- vamwe muchikafu, vamwe mune zvinodhaka, vamwe mumari, vamwe muzvivhiti vhiti nepa *'internet'* - asi kazhinji vanoguma vatova muuranda nezvinhu izvi.

Zvisinei nekusiyana-siyana kweuranda uhu, chokwadi chimwe ndeche-kuti unotidzivisa kurarama tiri murudo nekubata kwesimba raMwari muupenyu hwedu.

SaMaria Magadharina, tinogonawo kusunungurwa kubva kuuranda hwatingadaro tiri mauri tigorarama tirimurugare nehurongwa hwaMwari muupenyu hwedu. Kubudikidza naJesu Kristu, tinova vanorarama vari mukusunungurwa nekukunda mazuva ose.

Takafanira kurangarira kuti muupenyu hwechikristu tinosangana nematambudziko akasiyana-siyana. mumatambudziko ose iwaya Mwari vanotipa simba rekutsunga nekukunda. Mumatambudziko haauye kuzotiparadza asi kubudikidza navo tinovandudzwa nekukura mukutsunga nekufanana naKristu.

VaHebheru 12: 1 – 2 inoti:

Naizvozvo nesuwo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngatibvisei zvose zvinoremedza, nechivi chinongotinamatira nyore, uye ngatimhanyei nokutsungirira, nhangemutange yatakaisirwa. Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu; iye akatsunga pamuchinjikwa nokuda kwomufaro wakaiswa pamberi pake, akashora kunyadziswa kwawo, uye akandogara kurudyi rwechigaro choushe chaMwari.

Jakobho 1: 2 – 4 inoti:

Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji yemhando dzose, nokuti munoziva kuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Kutsungirira kunofanira kupedza basa rako kuitira kuti imi mukure uye muve vakakwana, musingashayiwi chinhu.

* **Chii chingava chinoshanduka muupenyu hwako ukava unosarudza kuvimba naMwari mukati mematambudziko ako?**

REFLECTIONS OF HOPE

SHONA

(BHUKU REMUTUNGAMIRIRI)

Mary Magdalena Movement
Life Ministry Zimbabwe
64 The Chase,
Mt Pleasant, Harare
Zimbabwe
+263-4-336021
+263 778 196 840

CHIDZIDZO CHECHISHANU

JESU KRISTU; UYO UNOTITARIRIRA MUNYASHA

Chirikadzi yepaNaini: Ko, anganditaririrawo here?

HURUKURO

Pana angada here kugoverana neboka matambudziko kana zvaimunetsa izvo akaturira kuna Mwari mukati mesvondo rino?

Pana angada kutiudza here kutu **vaHebheru 12: 1- 2** inoti kudii? Kana pasina, tingaiverenga tose pamwe

VaHebheru 1: 1 – 3a inoti:

Kare, Mwari akataura kumadzitateguru edu kubudikidza navaprofita panguva zhinji, uye nenzira dzakasiyana-siyana, asi mumazuva ano okupedzisira akataura kwatiri nomuMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose, uye naiyewo waakaita naye nyika. Mwanakomana ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo.

Ruka 3: 21 – 22 inoti:

Vanhu vose vakati vachiri kubhabhatidzwa, Jesu akabhabhatidzwawo. Uye akati achinyengetera, denga rakazaruka, Mweya Mutsvene akauya pamusoro pake nomufananidzo wenjiva. Uye inzwi rakabva kudenga richiti, "Ndiwe mwanakomana wangu, wandinoda; ndiwe wandinofarira kwazvo."

Jeremia 32: 17 inoti:

Haiwa, Ishe Jehovha, ndimi makaita matenga nenyika nesimba renyu guru noruoko rwenyu rwakatambanudzwa. Hakuna chinhu chakaoma kwamuri.

- Ndima idzi dzinoti Jesu ndiani uye kudii nezvesimba rake?

  Mwanakomana waMwari anodikanwa zvikuru. Ndiye mufananidzo wakazara waMwari.

  Hakuna chakamuomera. Mwari vanotaura kubudikidza naye.

- Upenyu hwaMaria hunoshanduka sei mushure mekusangana naJesu?

  Hupenyu hwake hwakava hwakashanduka kwazvo, akava munhu mutsva. Akabva mukusemwa nekurambwa akava nechinangwa

ZVIRIMUKATI

Nhanganyaya…….. 4

Chenjedzo Kumutungamiriri…….....5

Chidzidzo Chokutanga

Rivka: Ko, anombondionawo here?.....6

Chidzidzo Chepiri

Mukadzi mhombwe: Ko angandiregerera here?.....12

Chidzidzo Chetatu

Maria, mai vaJesu: Simba rezuva rimwe nerimwe muupenyu!.....21

Chidzidzo Chechina

Maria Magadharina: Ko, angandisunungurawo here ini?.....32

Chidzidzo Chechishanu

Chirikadzi yepaNaini: Ko, anganditaririrawo here?.....38

Chidzidzo Chechitanhatu

Mudzimai Anoporeswa Urwere Hwekubuda Ropa: Ko, ini angandiporesawo here?.....47

Chidzidzo Chechinomwe

Mukadzi Patsime: Ko, ungandikwanira here?.....54

Chidzidzo Chechisere

Ngatipembererei!.....63

Zvimhingaidzo Pakutungamira Boka.....65

Wanga uchizviziva here?

Mutsika yechiJudha, kuva pedyo kana kuwadzana nemunhu ane mweya yetsvina (ane madhimoni) zvaisaka kuti uonekwe sewaka n'hora pamberi paMwari. Nokudaro hawaitenderwa kupinda mutemberi kana kuwadza-na navamwe kusvikira waita zvose zvainge zvakatarwa mumurairo waMosesi kuti uve unocheneswa.

- Mufirimu tinoona Jesu achiita sei maringe naMaria Magadharina?

  Anoenda kwaari, anomubata omudanidza kuti mwanasikana waAbhurahama

- Ko, unofunga kuti sei mweya yetsvina yakabuda apo Jesu anoiraira kuti igova inosunungura Maria Magadharina?

  Jesu, sezvo ari Mwari, anesimba pamusoro pezvose, kusanganisira mweya yetsvina, nokudaro mweya yetsvina iyi yaifanira kuterera.

ONAI

Onai chikamu chechitanhatu chefirimu: JESU ANOMUTSA MWA-NAKOMANA WECHIRIKADZI KUVAFI.

Verengai **Ruka 7: 11 – 17.**

Pasina kupera nguva refu, Jesu akaenda kuguta rainzi Naini, uye vadzidzi vake navanhu vazhinji kwazvo vakaendawo naye. Kuzoti ave kuswedera pasuwo reguta, munhu akafa akanga akatakurwa achiburitswa kunze, aingova mwanakomana mumwe chete wamai vake, uye vakanga vari chirikadzi. Uye vanhu vazhinji kwazvo vaibva muguta vaiva navo. Ishe akati achimuona, mwoyo wake wakamunzwira tsitsi, akati kwavari, "Musachema."

Ipapo akaswederako akabata hwanyanza, uye vaya vakanga vaka-mutakura vakamira. Iye akati, "Jaya, ndinoti kwauri, muka!" Munhu uya akanga afa akamuka akagara akatanga kutaura, uye Jesu akamupa kuna mai vake.

Vose vakazadzwa nokutya uye vakarumbidza Mwari. Vakati, "Muprofita mukuru amuka pakati pedu. Mwari auya kuzobatsira vanhu vake." Shoko iri pamusoro paJesu rakapararira muJudhea yose nenyika dzose dzakapoteredza.

Nhanganyaya

Mary Magdalena Movement (MMM) chikamu choushumiri cheCampus Crusade for Christ/Life Ministry Zimbabwe chinoshumira, zvikurusa, kuvanhukadzi. Donzvo reMMM nderekuumba hondo yemadzimkai nevasikana vanotya Mwari, vanorara-ma hurongwa nekuda kwaMwari muupenyu hwavo, nekuva chikamu chikuru chakakosha mukuvhangerwa kwepasi rose.

Tinotenda kuti izvi zvinogoneka bedzi kubudikidza nekushanda pamwe semuviri waKristu. Tinotenda kuti "Kutumwa Kukuru" kwemaKristu (Great Commission) hakugoni kuzadzikiswa nechechi ipi zvayo, kana sangano ripi zvaro richishanda rakazvimirira roga. Zvinotongogoneka badzi kana machechi ose, nemasangano ose echikristu akaita mubati-rapamwe somuviri waKristu, mukudyidzana nekuwirirana pazvose — upfumi nezivo.

SeMMM takazvipira kushanda mukuumba ukama hwakadai mumuviri waKristu, zvikurusa kubudikidza nevanhukadzi.

Wanga uchizviziva here?

Kubva mukutsanangudza kwemuna Ruka, zvinoratidza kuti chirikadzi yepaNaini iyi yaiva murombo. Chekutanga, tinoudzwa kuti mwanakomana wayo ainge akatkura patsapata yakavhurika kwete mubhokisi remufi. Chepiri, apo Jesu vanoti kwaari, “Mukomana, ndinoti kwauri, muka”, wakamuka ndokugara ndokutanga kutaura. Izvi zvinoratidza kuti mwanakomana uyu ainge asina kuputira nemachira setsika yepachi Judha. Izvi zvose zvotaridza kuti mwanakomana uyu aive ongonovigwawo kuvigwa kwemurombo. Chokwadi chirikadzi iyi yaiva murombo.

(www.stathanasius.org/bible/oct_8_2000.html)

Pasi pemurairo waMosesi, hapana utariri waipiwa chirikadzi sezvo zvaitarisirwa kuti nevanji ndiye aifanira kuchengeta mai vake. Uyewo vanyori nevaFarise venguva yaJesu vaiva netsika yekutora dzimba nemidziyo yechirikadzi nekuda kwekutadza kubhadhara zvikwereti **(Mateo 23:14).**

- Ko, idambudziko rei zvichida raiva nemukadzi uyu kana chingava chii chingadai aishuvira apo anosangana naJesu?

Mukadzi uyu aiva chirikadzi saka zvichida ainge osara oga zvino

Aichema rufu rwemwanakomana wake

Ainge achisina zvino angamuchengeta

Verengai **Ruka 8: 1 – 3**

Shure kwaizvozvo, Jesu akafamba nomumaguta memisha, achiparidza vhangeri roumambo hwaMwari. Vane gumi navavari vakanga vanaye, uye vamwewo vakadzi vakanga vaporeswa pazvirwere nemweya yakaipa vaiti: Maria (ainzi Magadharina) uya akanga abudiswa mweya yakaipa, minomwe maari, Joana mukadzi waKuza, mutariri weimba yaHerodhi Suzana, navamwe vazhinji. Vakadzi ava vaivabatsira nokuvatsigira nezvavaiva nazvo.

- Unofunga kuti upenyu hwaMaria Magadharina hwanga wakaita sei asati asangana naJesu?

  Aitaridzika seanopenga

  Ainge achitongwa nemadhimoni muupenyu hwake, asikakwanisi kuita sarudzo kwadzo muupenyu hwake

- Sei ainge asina chaakaita kuti ave anozvisunungura kubva kumweya yetsvina?

  Anogona kunge akamboedza, asi ainge asina simba rekuti azvisunungure

- Ko, vanhu vangadai vaimuona sei kana kumubata sei?

  Vaimudzinga, ainge asingagashirike, vamwe ndivo vaimutya

CHENJEDZO KUMUTUNGAMIRIRI

USATI MATANGA:

1. Nyengeterai!

Tora nguva yenkungeterera zvidzidzo zvamuchava nazvo uye avo vachauya kuzvi-dzidzo izvi. Kumbira kuti Mwari vabate nesimba guru mumwe nemumwe mukati memasvondo masere anotevera.

Maminitsi ekutangisa aya akakosha zvikurusa, anoita kuti vanhu vasununguke kana kusungikana. Torai nguva yekuzivana nekukwazisana murufaro nekusununguka.

2. Zarurai nemunyengetero(1-2 minutes)

Semutungamiri tora nguva yekunyengeterera boka nechidzidzo chezuva iroro.

3. Hurukuro(15 minutes)

Ipa nguva kuboka yekukurukura nekugoverana maringe nechidzidzo chadarika. Mumwe nemumwe ngaave anowana mukana wekutaura. Rega vadzidzi vasununguke pakukurukura uku. Chenjererawozve kuti hurukuro iyi haidy nguva yechidzidzo chezuva iroro.

4. Onai chikamu chefirimu Magdalena: Through Her Eyes chechidzidzo chezuva iroro.

5. Verengai ndima muBhaibheri iri maringe nechidzidzo chezuva iroro (15-20 minutes)

6. Munyengetero wekuvharisa chidzidzo (5-10 minutes)

Unogonawo kuda kupa mukana wekuti vadzidzi vagoverane neboka izvo vangada munyengetero pazviri

CHIDZIDZO CHEKUTANGA

JESU KRISTU: UYO UNOTITSVAGA MURUDO

Rivka: Ko, anombondionawo here?

Kumutungamiriri: Tanga nokupa muchidimbu nhoroondo yeu-penyu hwako,uchisimbisa zvikurusa rwendo rwako rwechikristu .

Unomboripapi pakutenda kwako? Zvichida saRivka kana newewo unobvunza; Ko, Mwari anombondionawo here? Zvichida wakafanana naMaria Maghadarina uyo unozivauye uneukama hwakanaka naKristu? Zvimwe haunyatsozivi paumire chaipo?

(1-2 minutes pamunhu)

ONAI:

Onai chikamu chefirimu seboka: MARIA MAGADHARINA ANOENDA KUMBA KWARIVKA (1 minute).

CHIDZIDZO CHECHINA

JESU KRISTU: MUDZIKINURI WEDU ANESIMBA.

Maria Magadharina: Ko, angandisunungurawo here ini?

HURUKURO

Pane here akawana mukana wekugoverana nemumwe munhu pamusoro paMweya Mutsvene musvondo rapfuura? Chii chakaitika? Ko, pane here akaona shandukomuupenyu hwake mushure mekukumbira Mweya Mutsvene kuti agova anomutungamirira?

ONAI

Onai chikamu chechina chefirimu *Mary Magdalena:* MARIA MAGADHARINA ANOSUNUNGURWA KUBVA KUMADHIMONI (5:07 min)

- Jesu vanoita sei apo vanosangana naye?

  Jesu vanomuona, iye nedambudziko rake

  Jesu vanomutsa mwanakomana wake kuvafi.

- Ko, kumutswa kwemwanakomana wechirikadzi zvakarevei kwairi?

  Chirikadzi iyi inodzoreredzwa tariro apo painge poratidza sepachina tariro zvachose, uyewo anovazve nemwanakomana wake.

  Zvino aikwanisa kuva netariro muupenyu kwake.

Verengai **maPisarema 68: 5**

Baba venherera, mudziviriri wechirikadzi, ndiye Mwari ari paugaro hwake utsvene.

- Ndima iyi inotiratidzei nezvaMwari?

  Mwari vanoona uye vane hanya nezvishuwo zveupenyu hwedu.

  Mwari anonzwisisa kurwadza nezvinoreva kurasikirwa kwedu muupenyu nehama neshamwari.

  Mwari havasi vari kure kana vasina hanya nesu, asi vanoda kuva baba venherera nemutariri wechirikadzi.

TICHIPEDZISA

Tora nguva yakakwana yekugadzirira chidzidzo choga choga. Torawo mukana wekuziva mumwe nemumwe weboka rako, pavari muchikristu chavo uye zvishuwo zvavo.

Dzidza kugona kubvunza mibvunzo yakanaka, inodenha hurukuro. Dzidzawo kuvimba naMwari pakutungamirira kwako. Nenguva, uchava nehuchapupu hukuru hwekubata kwaMwari muzvidzidzo izvi nemapoka akasiyana-siyana auchatungamira.

4. Mibvunzo yakaoma

Kana usina mhinduro, buda pachena pane kuedza edza kupindura. Utore semukana wekuti mose seboka munotsvaga mhinduro yakakwana. Kwanisawozve kunzvera kukosha kwemubvunzo wacho, kana usina kukosha kuchidzidzo uisei padivi mozokurukura mapedza chidzidzo.

5. kukundikana kupedza chidzidzo

Izvi zvinoitika kana somutungamiriri ukarasikirwa nesimba muboka rako. Unofanira kugona kumisa hurukuro kuti muone kupfurira mberi nechidzidzo. Chenjerera zvingada kudya nguva yechidzidzo.

6. Mudzidzi anotaurisa

Boka roga ro rine vanhu vaksiyana siyana, vamwe vakanyarara uye vamwe vanotaurisa. Gona kupa nguvawo nemukana kune avo vakanyarara yekuti vapewo pfungwa dzavo. Gonawozve kumisa vaya vanotaurisa, kuti vapewo vamwe mukana uye mukwanise kuenderera mberi nechidzidzo. Zvinoda uchenjeri neunyoro mukumisa vaya vanotaurisa.

7. kusawirirana pamaonero nemafungiro

Izvi zvinowanikwa pose panosangana vanhu nokuda kwekusiyana kwedu kwatinobva nezvatinotenda uye kuziva. Kumwe kusawirirana pamaonero kunoda kugadziriswa, zvikurusa kana rumwe rutivi ruchipikisana nechokwadi cheshoko. Asi kana kusawirirana uku kusina chirevo chikuru pavchidzidzo gona kukumisa, opa mukana wekuzo kurukura chidzidzo chapera. Chenjerera kugumburisana kwevadzidzi mukusawirirana uku. Gona kupodza kana paita daka muboka.

8. Mutungamiri ndiye oga arikungopa mhinduro kumibvunzo

Dzimwe nguva vadzidzi vanomirira kuti mutungamirir ave iye anongopa mhinduro nguva dzose. Edza kuvakurudzira kuti vataure zvavanofunga, dzimwe nguva vamwe vanenge vachitya kupa mhinduro isiyo. Vatungamirire kuti vagone kuwana mhinduro yakafanira.

Muupenyu, sechirikadzi iyi kana nesuwo tinosangana nezvizhinji zvinotipedza tariro kana kusagadzikana mundangariro, zvinosanganisira rufu, urwere, kushaiwa, kana kurambwa nehama neshamwari.

* **<u>Une here chirikuku shingurudza pane ino nguva mukati meupenyu hwako?</u>**

Verengai **vaFiripi 4: 6 – 7, 19**

Musafunganya pamusoro pechimwe chinhu, asi muzvinhu zvose, nomunyengetero uye nomukumbiro, nokuvonga, isai zvikumbiro kuna Mwari. 7Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu. . . . Uye Mwari wangu achazadzisa zvamunoshayiwa zvose maererano nokubwinya kwepfuma yake muna Kristu Jesu.

- Ko zvii zvinorehwa neshoko rinoti "ose" mundima yataverenga iyi?

  "Ose" zvinoreva kuti zvinhu zvose zveupenyu hwedu, hapana chinosara. (ita boka ridome zvimwe zvezvinhu izvo vanoda nekushuvira muupenyu hwavo)

- Mwari vanovimbisa kuita sei nezvazvo?

  Vanovimbisa kutipa rugare mundangariro nemwoyo uyo rusingatsanangurike Vanovimbisa kuchengetedza mwoyo yedu nendangariro dzedu.

  Vanovimbisa kutipa izvo tinoda kuti tigova tine upenyu hwakanaka

Zvekuita

Tora nguva shomanana unyengetere muchinyararire. Kumbira Mwari kuti vakuratidze kana paine chivi muupenyu hwako, kana chirimo tora nguva ye "Kufema paMweya". Reurura chivi/ zvivi zvako kuna Mwari, wokumbira kuti vakuzadze naMweya Mutsvene.

Unogona kutsvaka mashoko ako aungashandise, kana kushandisa munamato uyu wakapiwa:

" Baba vangu, ndinokudai. Ndinobvuma kuti ndanga ndichizvitonga muupenyu hwangu, uyezve nokuda kwaizvozvo ndakakutadzirai. Ndinokutendai kuti makandiregerera zvivi zvangu kubudikidza nerufu rwaKristu pamuchinjikwa. Zvino ndinokoka Kristu kuti agove pachigaro chekutonga muupenyu hwangu zvakare. Ndizadzei naMweya Mutsvene sezvamunoraira kuti ndizadzwe, uye sezvamaka vimbisa mushoko renyu kuti muchazviita kana ndichinge ndakumbira nokutenda. Ndinonyengetera nemuzita raJesu. Semucherechedzo wekutenda kwangu, ndinokutendai zvino nekubata upenyu hwangu nokundizadza naMweya Mutsvene. Amen.

Rivka anoti iye, *"Mwari wakasika zvose izvi, handifungi kuti anombondionawo, kana kundiziva zvake. Mwari angagona kuda uyo akarurama, kwete iniwo zvangu."*

Zvimwechetezvo saMaria Magadharina naRivka, mukadzi mumwe neumwe ane nhoroondo yeupenyu hwake yaangataura. Nhoroondo imwe neimwe ine painotangira yoitawozve painogumira, asi munhorondo dzedu dzose nekusiyana kwadzo, pane chokwadi chokuti aripo anotitsvaga murudo rukuru – anova Iye akakusika nechinangwa uye unopa upenyu nechirevo kunhoroondo imwe neimwe.

Mumazuva anotevera dai tsvika pakuziva , sezvakazoita Rivka, kuti mumwe neumwe wedu akakosha mumeso aMwari. Iye anokuona uye anokuziva!

Mumwe munyori nemutauri mukuru anonzi Dr. Larry Crabb anoti iye, "Kushungurudzwa kukuru kwevanhukadzi inyaya yekusaonekwa."

Ko, iwe unotenderana nazvo here?

Ko, wanga uchizviziva here kuti rimwe ramazita aMwari muShoko nderinoti '*El Roi*', zvichireva izvo kuti 'Uyo Mwari Unoona'.

* Hazvinei kuti ndiwe ani, kana kuti uripapi muupenyu, ziva kuti wakakosha zvikuru mumeso aMwari. Kunyangwe asati akusika ainge akuona uye akuziva. Iye akakuziva usati wavapo!

Mwari Anokuona!

Mapisarema 139: 13 – 18 inoti:

Nokuti imi makasika zvomukati-kati mangu; makandiruka ndiri mudumbu ramai vangu. Ndinokurumbidzai nokuti ndakaitwa nomutoo unotyisa uye unoshamisa;

mabasa enyu anoshamisa, ndinonyatsozviziva kwazvo. Mapfupa angu akanga asina kuvanzika kwamuri, pandakanga ndaiswa munzvimbo yakavanda.

Pandakarukwa ndiri pakadzika penyika, meso enyu akaona muviri usati waumbwa.

Mazuva ose andakarongerwa akanga akanyorwa mubhuku renyu, rimwe rawo risati ravapo. Mirangariro yenyu inokosha sei kwandiri, imi Mwari! Yakakura sei pakuverengwa kwayo! Dai ndaiverenga, inga-dai yaikunda tsanga dzejecha pakuwanda. Pandinopepuka, ndinenge ndinemi.

- Unoti kudii nemashoko aya?

  Mwari vakandisika ndiri sezvandiri

  Ndakanaka ndiri sezvandiri

  Ndisati ndazvarwa Mwari vakange vondiziva kare

- Unotenda here kuti Mwari ndivo vakakusika uri zvauri?

  Dzimwe nguva, asi ndinombonzwa kunge ndisina kukosha zvachose.

  Ndanga ndisingazive kuti Bhaibheri rinoti ndakasikwa naMwari.

Kana uchinge waona kuti waita chimwe chinhu chakaipa, chokutanga unofanira kuchireurura, wozovimba kuti Mwari vanokuzadza (Kukutungamirira nekukusimbisa) naMweya Mutsvene zvekare. Izvi zvakafanana nekufema; tinofemera kunze mweya wakaipa tichifemera mukati mweya wakanaka. Izvi zvimwe chtezvo nehukama hwedu naMwari, tino "**Fema pamweya"** *(Spiritual Breathing)*

Kufema Pamweya

Kufemera Kunze	**Kufemera Mukati**
Reurura chivi/zvivi zvako 1. Ndinobvumirana naMwari kuti ndakatadza 2. Ndinotenda Mwari kuti ndaregererwa **(1Johani 1: 9)** 3. Ndinotendeuka(kushandura mafungiro angu pamusoro pechivi ichi, ndatora chinhano panofanira kutorwa chinhano)	Zadzwa naMweya Mutsvene 1. Ndinozvipa kuna Mweya Mutsvene sekuraira kwaMwari muna **VaEfeso 5: 18** 2. Nekuvimbisa kwaMwari muna **1Johani 5: 14 – 15.**

- Zvino kana Mwari vachivimbisa kusangana nezvishuwo zveupenyu hwedu zveraramo, isu takafanira kuita sei?

  Tinofanira kunamata, tichiturira Mwari izvo zvose tinosangana nazvo mukurarama, zvose zvinotipa kusagadzikana

  mundangariro.

- Ko, apo zvinoita sekunge Mwari havasi kupindura munyengetero yedu nokuchimbidza, takafanira here kuramba tichivimba navo?

  Hongu

Verengai **1 Petro 5:7**

Kandai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwose nokuti

anokuchengetai.

Mateo 6: 31 – 34 inoti:

Naizvozvo musafunganya muchiti, 'Tichadyei?' kana kuti, 'Tichanwei?' kana 'Tichapfekei?' Izvi ndizvo zvinoitwa navahedheni, nokuti Baba venyu vari kudenga vanoziva kuti munoda zvinhu izvi. Asi tangai kutsvaka umambo hwake nokururama kwake, uye zvinhu zvose izvi zvichapiwawo kwamuri. Naizvozvo musafunganya nezvamangwana nokuti mangwana achazvifunganyira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rine nhamo dzaro dzakarikwanira.

- Kubva mundima idzi, Mwari vanotarisira kuti tive tinoitei?

  Kutsvaga umambo hwaMwari kutangisa.

  Kuvimba naMwari pane zvose tinoda kuti tirarame

  Kusava tinofunganya funganya muupenyu hwedu.

ZVIMHINGAIDZO PAKUTUNGAMIRA BOKA

1. Kunyarara kwevadzidzi

Usavhunduke, kana mubvunzo wanga wakanaka vanhu vanoda nguva yekumbofunga nezvawo. Nekufamba kwenguva unova unozokwanisa kuziva kuti sei boka ranyarara: kusaziva here kana kuti Havana kunzwisisa mubvunzo.

Kana mubvunzo usina kunzwisisika, upe zvakare nemumwe mutauriro. Chero zvadii usatora kunyarara semukana wekuti utange "kuparidza". Bvunza mubvunzo unodenha hurukuro kwete unoda "hongu" kana "kwete".

Kurudzira boka, usataridze kuvhuinduka kana kutya. Tarisa munhu anenge achitaura, uchiratidza kuti wakaterera. Kugutsurira musoro kunokurudzira mutauri.

Tenda nekuda kwehinduro yoga yoga inopiwa. Iva unogona kuona vane chekuda kutaura wovapa mukana.

2. Mhinduro isiyo

Ratidza kuti mhinduro yapiwa handiyo neunyoro nekukurudzira.

Tenda nekuda kwekuzvipira kwemutauri kupa mhinduro. Edza kunzwisisa kuri kubva nemutauri usati waramba mhinduro yake. Edza kunzvenga kuitisana nharo nemutauri.

Nguva dzose iva unonyemwerera!

3. Kurasiswa gwara

Hurukuro yakanaka uye yakakosha asi chenjerera kupedzera nguva kusiko. Munhu wese ngaapiwe mukana wekutaura, asi muchichengetedza donzvo rechidzidzo. Ivawo nemwoyo murefu nguva dzose.

3. Makunoda kuparadzana, ivaiwo nenguva (30 minutes) yekugoverana izvo makadzidza muzvidzidzo izvi. (munogona kutanga nemibvunzi iya yemuchidzidzo chechinomwe)

4. Kana pasina angada kutangisa, mutungamiriri anofanira kuva akagadzirira kugoverana neboka maringe nemubvunzo wekutanga, muchidimbu.

5. Ivai nenguva yekunyengetera seboka, muchitenda Mwari nekuda kwezvose vakaita muupenyu hwenyhu. Torai iwo mukana iwoyu kunyengetererana.

6. Tora nguva yekukurudzira boka kuti mumwe nemumwe ave anogoverana nevamwewo firimu iri, kana kutotungamirirawo zvidzidzo izvi neboka rake. Chakakosha kuvabatsira kuti vatore danho iri mukutenda. Ita kuti vazive zvawadzidzawo kubudikidza nekutungamirira zvidzidzo izvi.

Ungangoda kushandisa muenzaniso unotevera mukukurudzira boka rako.

Rangarirai nyaya yemukadzi muSamaria patsime. Akabatwa zvikuru neshanduko yakaunzwa nemashoko aJesu muupenyu hwake akanoshambadza muguta rose, vazhinji vakavwo vanotenda muna Jesu nekuda kweuchapupu hwake.

Muna **Mateo 28:19-20**, Jesu vanopa kunodanwa kunzi "Kutumwa Kukuru" (*the Great Commission*) kuvadzidzi vavo: "Endai naizvozvo, muparidzire kumarudzi ose. Muvabhabhatidze muzita raBaba, nereMwanakomana nere Mweya Mutsvene, muvadzidzise kutevera zvose zvandakakurairai ". Kutumwa uku kuri kwatiriwo nesu muzuva ranhasi sevateveri vaKristu. Pane waunoziva here angabatsirika nekuonawo firimu Magdalena: Through Her Eyes, uye kuvawo chikamu chezvidzidzo izvi zvatava nazvo? Nyora mazita avo pasi ikozvino. Rangarira kuti kuona firimu iri kwakuzarurawo mwoyo wako sei kuna Mwari. Funga kuti firimu iri ringabvatsirawo sei kuzarura mwoyo weshamwari kana hama yako kuna Mwari! Ngatitorei kanguva kapfupi tichifunga kuti tingagoverana sei neavo vatanyora mazita avo firimu iri. (inzwa kufunga kwavo). Torai nguva yekukurukura nekuronga pamwe.

7. Vharai nemunamato!

- Unofunga kuti zvinorevei kuti, "Tangai kutsvaga umambo hwaMwari nekururama kwake?"

  Kuti ngachive chinangwa chikuru chekurarama kutora nguva kudzidza zvinoda Mwari uye kumuziva.

  Takafanira kuraramira iye, kwete kuzviraramira.

- Ndezvipi zvatingaita muupenyu mukuedza kurarama zvokwadi iyi?

  Kukumbira Mwari kuti vashandure mwoyo yedu.

  Tinova tinonyatsoziva Mwari uye zvavanoda kubudikidza nekuverenga shoko rake, Bhaibheri uye nekuva nenguva naye kubudikidza nekunyengetera.

- Ko, tingaturira kufunganya kwedu nemitoro yedu sei kuna Mwari?

  (ona **1 Petro 5:7**)

  Taurira Mwari izvo tinoda nekushuva kubudikidza nekunyengetera. Muturire kufunganya kwako kose.

MuBhaibheri, shoko rekuti "kuturira" raireva kutakudza mutoro, seizvo tinoita mbongoro kana mombe. Jesu vanotikoka kuti tive tinovaturira mitoro yedu

Pane here ane zvaangada kuturira kuna Mwari pane ino nguva? Zvakaita sezvekushomeka kwemari, kushungurudzika mundangariro ne-mumwoyo, urwere, ukama nehama neshamwari, zvekudya nezvekupfeka kana pekugara chaipo.

Kubva muShoko raMwari tinodzidza pamusoro paMwari Mutatu, Mumwe; Mwari Baba, Mwari Mwanakomana, naMwari Mweya Mutsvene.

Mweya Mutsvene anouya kuzogara mumutendi mumwe neumwe, iye otipa simba rekutevera Jesu Kristu zuva rimwe nerimwe. Chero hazvo Mweya Mutsvene arimo mukati momutendi mumwe neumwe, mutendi oga oga ndiye anoita sarudzo yekuchipa Mweya Mutsvene mukana wekumutungakirira nekumupa simba muupenyu hwake.

Tinoita sarudzo iyi yekuzadzwa (kutungamirirwa nekugoneswa) naMweya Mutsvene kubudikidza nekutenda zuvz rimwe nerimwe, nguva imwe neimwe. Sarudzo iyi ndiyo inopa musiyano pakati pemunhu ari mumweya nezvokwadi neuyo ari panyama.

Shoko raMwari rinotidzidzisa kuti tive takazadzwa naMweya Mutsvene.

VaEfeso 5: 18

Musadhakwa newaini, nokuti ndipo pano kusazvidzora. Asi, muzadzwe noMweya.

Tinoona kuti kuzadzwa naMweya Mutsvene kuraira uye nekuda kwaMwari.

Muna **1 Johani 5: 14 – 15** Mwari vanopa chivimbiso.

Ndiko kusatya kwatinako mukuswedera kwedu kuna Mwari: kuti kana tichikumbira chinhu chipi nechipi nokuda kwake, anotinzwa. Uye kana tichiziva kuti anotinzwa pazvose zvatinokumbira, tinoziva kuti tava nazvo zvatakumbira kwaari.

Vakorose 1: 15 – 16 inoti:

Ndiye mufananidzo waMwari asingaonekwi, dangwe rezvisikwa zvose. Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye: zviri kudenga nezviri panyika, zvinoonekwa nezvisingaonekwi, zvigaro zvoushe kana masimba kana vatongi kana vane simba; zvinhu zvose zvakasikwa naye uye zvakasikirwa iye.

- Kubva mundima iyi, ndianiko akakusika? Achimbokusikirei?

  Mwari/ Jesu

  Takasikirwa ivo Mwari

- Zvakakosherei kuziva izvi?

  Ndiri chikamu chakakosha cheurongwa hwaMwari

  Zvoreva kuti hupenyu hwangu hune chinangwa chikuru

Mwari Anokuziva!

Mapisarema 139: 1 – 6

Haiwa Jehovha, makandinzvera uye munondiziva. Munoziva nguva yandinogara neyandinosimuka; munonzwisisa pfungwa dzangu muri kure. Munonzvera kubuda kwangu nokuvata kwangu pasi; munoziva nzira dzangu dzose. Shoko risati rava parurimi rwangu, tarirai, imi Jehovha, munoriziva rose, Munondikomberedza shure nemberi; makaisa ruoko rwenyu pamusoro pangu. Kuziva kwakadai kunondishamisa, kwakanyanya kukwirira zvokuti handingasvikiri.

- Ndima iyi inotaura kuti kudii nezvaMwari?

  Mwari vanotarisa pakadzika dzika pemwoyo yedu

  Vanoziva zvose nezvedu

  Vanoziva kufunga kwedu

  Vanoona zvose tinoita, tinotaura nekwose tinoenda

  Vanotichengetedza

- Saka unoti kudii pamusoro perudo rwaMwari?

  Ndinogona kuvimba navo

  Rukuru kudarika zvandinganzwisisi

- Zvinorevei zvino kwauri kuziva izvi?

  Mwari vane rudo neni rukuru,zvekusvika pakuziva kapi nekapi zvako keupenyu hwangu.

3. Mukristu ari munyama/anozvitonga

(Munhu akagamuchira Kristu, asi anorarama upenyu hwekukundikana nokuti anoedza kurarama upenyu hwechikristu musimba rake.)

●—anoratidza zvinhu zvokuzvifadza, zvichitungamirira munhu kuupenyu husina tsarukano, huzere nama-tambudziko.

+ - unoratidza kuti munhu uyu akaga-muchiraKristu asi achiri kuzvitonga muupenyu hwake

S – anoratidza kuzvitutumadza

- **Ko, denderedzwa rinonyatsotsanangudza upenyu hwako nderipi?**

- **Nderipi denderedzwa raungada kuti rimiririre upenyu hwako?**

- **Pane chimwe chinhu chaunofanira kureurura kuna Mwari here?**

Kana une chivi chaunofanira kureurura kunaMwari nyengetera kwaari iye zvino.

Kana usina, chingotenda Mwari kuti ndiye anotonga muupenyu hwako uye ramba uchifamba mukuterera **(1 Johani 1: 7)**

- **Vanhu vazhinji vanoda kutungamirirwa naMweya Mutsvene. Ko, munhu angatungamirirwa sei zvino naMweya Mutsvene nguva dzose?**

Mateo 11:28 inoti iyo, "*Uyai kwandiri, imi makaneta makaremerwa, ini ndichakupai zororo."*

Kumutungamiriri: Ungangoda kuisa vanhu muzvipoka, vaviri vaviri, motora nguva yekunamatirana kana kuti munogona kungonamata pamwe seboka rimwe.

Denha boka kuti mumwe nemumwe ave ano sarudza kuvimba naMwari pane chimwe chikuru mukati meupenyu hwake. Goveranai svondo rinotevera izvo Mwari vanenge vaita kubudikidza nekukumbira uku kwavari.

CHIDZIDZO CHECHISERE

JESU, SHAMWARI YEDU YEUPENYU HWOSE

Ngatipembererei!

Ino inguva yekupemberera izvo Mwari vakaita muzvidzidzo zvino! Tichava nemabiko chaiwo!

Kumutungamiriri: Ita zvaungakwanisa kuti rive zuva rakasarudzika. Unogona kutsvaga imwe nzvimbo yakasarudzika yekuitira, kana kugadzira chikafu chemhando yakasarudzika. Chikuru kuva tinopemberera izvo Mwari vakaita kubudikidza nenguva yekudzidza pamwechete.

1. Tangisai nekunyengetera, muchitenda Mwari nekuda kwemasvondo manomwe adarika ekudzidza pamwe.

2. Torai nguva zvino yekuwadzana, kudya uye kupembera kukuru (30 minutes).

Svondo rinouya mumhemberero tichava nenguva yekugoverana zvizhinji. Mubvunzo inotevera ingango kubatsira mukugadzirira.

- Maonero nemanzwisisiro ako aJesu ashanduka here kubudikidza nezvidzidzo izvi? Kana zvirizvo, sei?
- Ndechipi chikamu cheupenyu hwako chaungada kuvandudza nekuda kwezvidzidzo izvi?

* Jesu vabata sei upenyu hwako zvatanga tichidzidza nezvavo pamwechete?

CHIDZIDZO CHECHITANHATU

JESU KRISTU, UYO UNOTIDZOREREDZA`PAKUPUTSIKA KWEDU

Mudzimai Anoporeswa Urwere Hwekubuda Ropa: Ko, ini angandiporesawo here?

HURUKURO

Pane here ane chikuru chaakakukmbira Mwari kuti vapindire pachiri muupenyu hwake svondo rapfuura? Chii chakaitika?

ONAI

Onai chikamu chepfumbamwe: JESU ANOMUTSA MUSIKANA KUVAFI; ANOPORESA MUKADZI WECHIRWERE CHEKUBUDA ROPA.

Mushoko raMwari tinodzidza nezve mhando nhatu dzevanhu:

1. Munhu asati atendeuka:



" Munhu asina Mweya haangagamuchiri zvinhu zvinobva kuMweya waMwari, nokuti zvinonzwisisika nomweya. " (**1 VaKorinde 2:14**).

2. **Munhu ari muMweya**

(Mukristu anotungamirirwa nekugoneswa naMweya Mutsvene.)



"Munhu ari muMweya anonzwisisa zvinhu zvose, asi iye pachake haanganzwisiswi nomunhu " (**1 Vakorinde 2:15**).

Rudo rukuru runoshamisa kuti chero hazvo Mwari achiziva zvose zvoupenyu hwangu, (zvakanaka nezvakaipa) anoramba achitsvaga kuva neukama neni. Iye anoramba achingodana kwandiri. Anoramba achingondida nerudo rukuru!

Mwari Anokuda!

Varoma 8: 38 – 39

Nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana upenyu, kana vatumwa, kana madhimoni, kana zvazvino, kana zvichauya, kana masimba api zvawo, kana kwakakwirira, kana kwakadzika, kana chimwe chinhuwo zvacho pazvisikwa zvose, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari, rwuri muna Kristu Jesu Ishe wedu.

Zvichida saRivka, kana newewo unobvunza kuti Mwari anokuonawo here, kana kuzivawo nezvako. Pamagumo tinoona Rivka achisarudza kutenda kuti zvechokwadi Mwari vanomuda, osvika pakugamuchira rudo rwavo kubudikidza nekutenda muna Jesu Kristu. Zvimwe chetezvo kana newewo unokwanisa kuita sarudzo imwe cheteyo yekutenda muna Jesu Kristu, uyo akakusika uye ane rudorukuru kwazvo newe.

Ungada here kuita sarudzo iyi pane ino nguva?

Zvichida uchine kukahadzika pamusoro pezverudo rwaKristu, tora nguva mumazuva anotevera yekutaurira Mwari pamusoro pekufunga kwako uchikumbira kuti vakupe kunzwisisa uye kugadzikana mumwoyo nemupfungwa. Verengawo zvakare ndima dzatadzidza muchidzidzo chino.

CHIDZIDZO CHEPIRI

JESU KRISTU, UYO UNOTIREGERERA MUNYASHA.

Mukadzi mhombwe: Ko angandiregerera here?

ONAI

Onai chikamu chegumi nemaviri (12) chefirimu: MUKADZI ANOBATWA MUUPOMBWE ANOREGERERWA (3min)

Verenagai **Johani 8: 1 – 11**

Asi Jesu akaenda kuGomo reMiorivhi. Panguva dzamambakwedza akazviratidzazve mutemberi, vanhu vakamuunganira, uye akagara pasi kuti avadzidzise. Vadzidzisi vomurayiro navaFarisi vakapinda nomukadzi akanga abatwa achifeva. Vakamuita kuti amire pamberi peboka uye vakati kuna Jesu, "Mudzidzisi, mukadzi uyu abatwa achiita ufeve. MuMurayiro Mozisi akatirayira kuti titake namabwe vakadzi vakadai. Zvino imi munoti kudii?"

Jakobho 1: 26

Kana munhu upi zvake achizviti akarurama uye asingachengeti rurimi rwake zvakasimba, anozvinyengera uye chinamato chake hachina maturo.

Mateo 5: 48

Naizvozvo, ivai vakakwana, sezvo Baba venyu vari kudenga vari vakakwana.

- Kubva mundima idzi, takafanira kurarama sei upenyu hwedu?

  Kuzviramba

  Kuva nekuzvidzora kwakakwana nemashoko atingataura kuna vamwe

  Tive vatsvene sezvo Mwari vari vatsvene

* **Zvirikugoneka here?**

Musimba redu hatigone kutevedza zvose zvinotaurwa nendima idzi, Mwariwo havatitarisire kutevera Jesu Kristu musimba redu. Tinogona bedzi kutevera Jesu Kristu kubudikidza nekubata kwaMweya Mutsvene muupenyu hwedu.

* **Ko, iye Mweya Mutsvene anombotigonesa sei kutevera Jesu Kristu?**

Verengai **Mako 5:25-34**

Uye pakanga pano mukadzi aiva nechirwere chokubuda ropa kwamakore gumi namaviri. Akanga atambudzika zvikuru uye achirapwa navanachiremba vazhinji uye akanga apedza zvose zvaaiva nazvo, asi pachinzvimbo chokuva nani akatonyanyisa kurwara. Akati anzwa nezvaJesu, akauya mushure make mukati mavazhinji uye akabata nguo yake, nokuti akati mumwoyo make, "Kana ndikangobata nguo dzake, ndichaporeswa." Pakarepo tsime reropa rake rakapwa uye akanzwa mumuviri wake kuti akanga asunungurwa kubva pakutambudzika kwake.

Pakarepo Jesu akanzwa kuti simba rakanga rabuda maari. Akatendeukira kuruzhinji rwavanhu akabvunza achiti, "Ndianiko abata nguo dzangu?"

Vadzidzi vake vakati, "Muri kuona vanhu vachikutsimbirirai, zvino moti, 'Ndianiko andibata?'"

Asi Jesu akaramba achitarisa-tarisa kuti aone kuti ndiani akanga aita izvozvo. Ipapo mukadzi, achiziva zvakanga zvaitika kwaari, akauya akawira patsoka dzake, uye achidedera nokutya, akamuudza chokwadi chose. Iye akati kwaari, "Mwanasikana, kutenda kwako kwakuporesa. Enda norugare uye usunungurwe pakutambudzika kwako."

<u>Kupererwa kunotuma munhu kuti aedze zvose zvose. Inzira dzipi idzo wakamboedzawo kuwana mhinduro kudambudziko rako? Kufunga kwako Jesu ari kure sei newe kuti angatadza kukubata padambudziko rako?</u>

Zvisinei nekutongwa kwaigona kuzova pamusoro pake, mukadzi uyo aiva neurwere hwekubuda ropa ainge azvipira kuti asangane naJesu. Kuti abate Jesu, zvaireva kumanikidzira zvinesimba napakati pemhomho ya-vanhu. Ainge ane chokwadi mumwoyo make kuti Jesu oga ndiye aikwania kupedza dambudziko rake.

- Jesu vanoti Baba vanotsvaga vanhu vakadii vangamunamata? (Tarirai ndima iri kwekutanga kwechidzidzo chino)

  Vanhu vanomunamata muMweya nemuzvokwadi.

  (Pane vazhinji vari mune zvezvitendero asi Mwari variku tsvaga vanova namata muzvokwadi, avo vane ukama navo.)

Chero hazvo tisingazive kuti ndiani ungadavira, isu semukadzi muSamaria uyu tinofanira kuudza vamwe izvo Mwari vakatiitira.

Verengai **John 4:39**

VaSamaria vazhinji vaibva muguta iro vakatenda kwaari nokuda kwouchapupu hwomukadzi hwokuti, "Akanditaurira zvose zvandakaita."

Muzvidziwa weguta akazova gamba. Jesu vanoyananisa ukama hwavo nemukadzi uyu, ndokumushandisawozve mukuyananiswa kwevazhinji naMwari muguta iri.

Ko, ndiani mukati meupenyu hwako akafanira kuti anzwe izvo Mwari vakakuitira muupenyu hwako? Kuudza vamwe nezvenhoroondo yeupenyu hwedu imwe nzira yekuti tive vanamati vezvokwadi. Nyora pasi mazita evaunoda kuti vanzwe nezva Jesu, wonyetera kuti pavanonzwa vave vanotenda nekugamuchira sezvakaitwa nemukadzi muSamaria uyu.

VaGaratiya 3:28 inoti*, "zvino hakuchina muJudha kana muGiriki, muranda kana wakasunungurwa, murume kana mukadzi, nokuti mose muri vamwe muna Kristu."*

Verengai **Johani 7:37-39**

Pazuva rokupedzisira uye zuva guru roMutambo, Jesu akasimuka akadanidzira nenzwi guru achiti, "Kana pane munhu ane nyota, ngaauye kwandiri azonwa. Ani naani anotenda kwandiri, sezvazvakarehwa muRugwaro, hova dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make." Nokutaura uku, akanga achireva zvoMweya Mutsvene, uyo waizogamuchirwa navaya vanotenda kwaari. Nokuti Mweya wakanga usati wapiwa, sezvo Jesu akanga asati akudzwa.

Zvinorevei kuva nemvura mhenyu inoerera kubva matiri?

Jesu ndivo mvura mhenyu inoerera matiri kana tichinge tavagamuchira saishe nemuponesi wedu, vanotipa utano uye upenyu husingaperi.

Kubudikidza nesimba raMweya Mutsvene upenyu hwaJesu hunoonekwa mukurarama kwedu kwete upenyu hwedu isu.

Verengai **vaGaratiya 5:22-23**

Asi chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, unyoro, kunaka, kutendeka, kupfava uye kuzvidzora. Hakuna murayiro unopesana nezvizvi.

Kana tichinge tatendera Mweya Mutsvene kuti atungamirire muupenyu hwedu, tinova vanoshandurwa. uyewo vamwe vanhu vanoonawo zvibereko zveMweya matiri.

- Chii icho akatenda chakamupa ushingi wekumanikidzira nepakati pemhomho yavanhu?

  Aiva netariro nekutenda kuti Jesu vaikwanisa kumuporesa.

- Chii icho Jesu vakadzoreredza muupenyu hwake kubudikidza nekumuporesa?

  Jesu vanomudzoreredza hutano hwake hwepanyama, mundangariro, pamweya uye mukugarisana nekuwadzana nevamwe.

- **Chii chiri kukutadzisa kuti unanavire kuna Jesu semukadzi uyu?**

  Kuzvikudza, kusatenda, kuzvityira, kutya, kuzvitarisira pasi kana kufunga kuti wakakwana pachako chaiko.

Mwari vanoda kwazvo kudzoreredza zvikamu zvose zveupenyu hwako nekuti vane hanya newe kwazvo.

"Handizivi kuti chinounza kuporeswa kukuru, simba raJesu here kana kuti ngoni dzake,"

– Maria Magadharina, muna *Magdalena: Through Her Eyes*

Sarudzo yaMaria yekutendera kuti zvigova sokutaura kwaGabrieri inoratidza kutenda kukuru musimba raMwari, sezvo sarudzo iyi yaimuisa panjodzi yerufu chairwo.

Zvokwadi

Hupenyu hwaMaria hunoshanduka zvachose nekuda kwesarudzo iyi yaMwari yekuti ave mai vaJesu. Zvaitaridzika sezvisingagoneki kunaMaria, Gabrieri akamusimbisa kuti zvaigoneka kunaMwari. Zvimwechetezvo Mwari vanodana mumwe neumwe wedu kuupenyu husingagoneke nesimba redu – unova kuraramira Jesu Kristu zuva rimwe nerimwe.

Mumwe mutauri anoti iye, *"Upenyu hwechikristu hauna kuoma asi kutoti hautogoneki".*

Ndima dzinotevera dzinoratidza kuti hazvigoneke kurarama chikristu pasina kubata kwesimba reMweya Mutsvene.

Mateo 16: 24

Ipapo Jesu akati kuvadzidzi vake, "Kana paine anoda kunditevera, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere."

Vakanga vachishandisa mubvunzo uyu kuti vamuteye, vawane hwaro hwokumupa mhosva. Asi Jesu akakotama akatanga kunyora pasi nomunwe wake.

Vakati varamba vachimubvunza, akatwasuka akati kwavari, "Kana pane asina chivi pakati penyu, ngaave iye wokutanga kupotsera dombo kwaari." Akakotamazve akanyora pasi.

Vakati vanzwa izvi, vose vakatanga kubva vachiita mumwe mumwe, kutanga vakuru, kusvikira Jesu asara oga, uye mukadzi achakangomirapo. 1Jesu akatwasuka akati kwaari, "Mai, varipiko vaya vanga vachikupomera mhosva? Hapana akutonga here?"

Iye akati, "Hakuna, Ishe."

Jesu akati, "Neniwo handikupi mhosva. Chienda zvino uye usiye upenyu hwako hwechivi."

Mumazuva aJesu Kristu upombwe yaiva mhosva huru kurudzi ravaIs-raeri iyo yaiva nemutongo werufu kubudikidzwa nekutakwa nemabwe. Vose murume nemukadzi kufa rufu urwu.

- Unofunga kuti dmbudziko remukadzi uyu raiva rei, chii chingadai chakamutuma kuita upombwe?

Zvichida aitsvaga raramo, kugamuchirwa, aiva neruchiva

Aisemwa nevazhinji

- Ko iye murume waanga abatwa ainaye angaamboripi panguva iyi? Zvingatiratidza kuti kudii pamusoro paavo vainge vauya nemukadzi uyu kuna Jesu?

  Haapo! Dai vakuru vekereke ava vaida kuchengetedza zvikuru murairo waMosesi vangadai vakaitawo kuti murume ainge abatwa ane mukadzi uyu avepowo

- Unofunga kuti mukadzi uyu ainzwa sei pamusoro pezvose zvaiitika izvi?

  Aive akazara nekutya sezvo ainge otarisana nerufu, kunyara uye kuva munhu asina kana chiremera chose

- Ko iwe unganzwa sei zvivi zvako kana mabasa ako akaipa akanzi bvu-u pachena?

Zvokwadi

Pose patino tyora murairo, kana kuita zvingakwadza vamwe, kana kurarama tichizvitonga munzira inopikisana neshoko raMwari tinorwadzisa ivo Mwari pachavo. Ichi ndicho chinonzi chivi; kufamba nenzira yedu, mumafungiro edu, tichiita kuda kwedu kwete kuda kwaMwari. Chivi chinosananisira zvationoita nezvatinofunga!

- Unofunga kuti Maria akafungei uye kunzwei pamusoro pemashoko aGabrieri?

  Kushamisika, kusanzwisisa, kutya, kukahadzika, kuremekedzwa

- Chero hazvo Maria anogona kunge akafunga zvakawanda, tinoudzwa kuti anoita sei?

  Anobvunza kuti izvi zvaizogoneka sei

  Anovimba naMwari

  Anga akazvipira kuti Mwari vaite kuda kwavo neu-oenyu hwake

- Dai waiva iwe Maria unofunga kuti waiita uye waiti kudii?

  Ko hurongwa hwanguwo neupenyu hwangu?

  Ko Josefa?

  Ko vanhu vachatii ndikava neopamuviri ndisina kuro-orwa?

Wanga uchizviziva here?

Maria ainge ari musikana waJosefa. Mutsika yechiJudha izvi zvainge azvakatongofanana nekuwanikwa chaiko, zvoreva kuti Maria ainge ototorwa semudzimai waJosefa. Nokudaro kusatendeka kana kufungidzirwa kusatendeka kwaipa Josefa kodzero yekuti Maria aurawe nekutakwa namabwe semudzimai uoy ainge abatwa muupombwe. Sakazvo kuzvitakura kwaMaria kwakaunza kufunganya zvikuru muvaviri ava.

Kudzoreredza uye kuporeswa kunogona kutora kunguva. Mushure mekumirira kwemakore gumi nemaviri, nekupedza mari nepfuma yake yose, zuva rinosvika iro mukadzi uyu anosangana naJesu, Mwari vopiwa mbiri nekuporeswa kwake, kubudikidza nekutenda kwake. Mwari ndivo vanotonga pazvose, vane nguva yavo pamusoro pemumwe nemumwe wedu. Kunyange tikava nekutenda semukadzi uyu, Mwari vanogona kuti pindura nenzira dzakasiyana siyana uye nguva yakasiya siyana. Zvakatikoshera kuti tidzidze kugamuchira kuda nekutonga kwaMwari pamusoro peupenyu hwedu zvisinei nezvatinonzwa kana kufunga.

Verengai **vaHebheru 4:15-16**

Nokuti hatina muprista mukuru asingagoni kutinzwira tsitsi pautera hwedu, asi tinaye akaedzwa pazvinhu zvose, sesu, asi asina chivi. Ngatiswederei tisingatyi pachigaro choushe chenyasha, kuitira kuti tigogamuchira ngoni uye tigowana nyasha, tibatsirwe panguva yokushayiwa.

- Jesu unoita sei apo tinouya kwaari?

  Unotigashira mukunzisisa nemunyasha huru

Mukadzi uyu anogashira kubva kuna Jesu icho chaicho aishuvira – kuporeswa kwake kuurwere hwake. Hadzisi nguva dzose idzo tose tinogashira izvo chaizvo tinenge tichishuwa kubva kuna Mwari. Pauro anotipa muenzaniso yeupenyu hwake muna **2 vaKorinde 12:7-10** (Ngatiiverengei).

Kuti ndirege kunyanya kuzvikudza nokuda kwoukuru kwazvo hwezvandakazarurirwa, ndakapiwa munzwa munyama yangu, mutumwa waSatani, kuti anditambudze. Katatu ndakakumbira kuna Ishe kuti aubvise pandiri. Asi iye akati kwandiri, "Nyasha dzangu dzakakukwanira, nokuti simba rangu rinozadziswa muutera." Naizvozvo ndichanyanya kuzvirumbidza pamusoro poutera hwangu, kuitira kuti simba raKristu rigova pamusoro pangu. Ndokusaka, nokuda kwaKristu ndichifara muutera, mukutukwa, mumatambudziko, nomunhamo, nomukuomerwa. Nokuti kana ndine utera, ipapo ndipo pandine simba.

Kupedzera nguva yedu kune zvimwe zvinhu zvisinei naMwari, zvinosanganisira chikafu, upfumi, mabasa, mafaro, zvimiro zvedu uye ukama hwedu nehama neshamwari.

- Jesu Kristu vanoti vanotizadzikisa sei muupenyu hwedu? Izvi zvingarevei kwatiri?

  Ndivo mvura mhenyu inopa upenyu. Ndivo vanokwanisa kuzadzikisa zvishuwo zvemwoyo yedu zvakadzama. Vanopa kumukadzi muSamaria uyu, nekwatiriwo nhasi, ruponeso, kuyananiswa naMwari uye kuzadzikiswa mukati meupenyu hwedu.

Vanhu vanozvipira nekutenda munaJesu vanova neupenyu hutsva, pamaonero nemafambiro avo. Vanova vanhu "vatsva".

2 vaKorinde 5:17 inoti, "*kana zvino, munhu ava muna Kristu, ava chisikwa chitsva, zvakare zvapfuura, zvose zvazvitsva."* Mukadzi muSamaria anomhanya kunoshambadza izvo ainge aitirwa muguta, zvinova zvinoratidza kuti zvirokwazvo ainge atenda muna Jesu uye ave munhu mutsva.

Pane zvinhu zvitatu zvinoitika kubidikidza nehurukuro iyo mukadzi muSamaria uyu anova nayo naJesu. Nhoroondo yeshure yeupenyu hwake yainge ichasamutadzisa kuva neukama naMwari. Vanhu vazhinji muguta iri vakava vanotendawo, pamwe chete naye, muna Jesu. Vadzidzi vaJesu vakavawo nemukana wekumuona achishumira kune verimwe rudzi.

- Jesu ndivo vanotanga hurukuro nemukadzi uyu, izvi zvinotiratidzei pamusoro paJesu?

  Ishe Jesu havasarure, vanotida zvisinei nechiremera chedu, rudzi kana kuti takaroorwa here.

- Unofunga kuti sei Jesu akabvunza mukadzi muSamaria uyu nez-vemurume wake?

  Anogona kunge aida kumuratidza kuti aiziva zvose maringe neupenyu hwake, kuti aiva Mwari.

Chero hazvo mukadzi uyu aisatsvaga kuporeswa panyama, ainge anewo zvaaishuva.

Jesu vanotaura zvinesimba pamusoro penhoroondo yeupenyu yemukadzi uyu, yekare uye yazvino. Hapana cheupenyu hwake change chakavanzika kwavari. Vainzwisisa kmrwadzo ake uye kusagadzikana kweupenyu hwake. Jesu Havana kumusema. Vanomuratidza mungoni nzira yeupenyu hwakazara, inova ivo pachavo.

- Mukadzi muSamaria uyu ainge aedza sei kuwana kuzadzikiswa mukati meupenyu hwake?

  Ainge achinjanisa varume mukuedza kuwana kukwaniswa uko kunouya nekuva neukama naMwari bedzi.

- Ndedzipi dzimwe dzenzira dzatinoedza kuwana kuzadzikiswa nadzo mukati meupenyu hwedu?

Mwari havana kuporesa Pauro apo anokumbira, izvo zvakamumanikidza kuvimba nesimba raMwari muutera hwake. Zvimwechetezvo nesu, hadzisi nguva dzose idzo Mwari vanoti poresa mumatambudziko edu asi vanotimba simba rekuti tigone kupfuurira mberi tiri maari.

Verengai **Jakobho 1:2-4**

Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji yemhando dzose, nokuti munoziva kuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Kutsungirira kunofanira kupedza basa rako kuitira kuti imi mukure uye muve vakakwana, musingashayiwi chinhu.

- Kubva mundima iyi, ndezvipi zvimwe zvikonzero zvinosaka Mwari vasatipindura minyengetero yedu sezvatingatarisira?

  Vanoda kuti tikure mukutenda kwedu. Vanoda kuti tive vabvezera pakutenda, vakakwana.

  Vanoda kuti tive tinovimba navo kwete kuvimba nekugona kwedu

Mumwedzi wechitanhatu, Mwari akatuma mutumwa Gabhurieri kuNazareta, guta riri muGarirea, kumhandara yakanga yatsidzira kuwanikwa nomurume ainzi Josefa, chizvarwa chaDhavhidhi. Zita remhandara iyi rainzi Maria. Mutumwa akasvika kwaari akati, "Kwaziwa, iwe wakanzwirwa nyasha zvikuru! Ishe anewe."

Maria akatambudzika zvikuru namashoko ake uye akashamiswa kuti kukwazisa kwakadai ndekworudzii. Asi mutumwa akati kwaari, "Usatya, Maria, iwe wanzwirwa nyasha naMwari. Uchava nomwana uye uchazvara mwanakomana, ugomutumidza zita rokuti Jesu. Iye achava mukuru uye achanzi Mwanakomana woWokumusoro-soro. Ishe Mwari achamupa chigaro choushe chababa vake Dhavhidhi, uye achatonga pamusoro peimba yaJakobho nokusingaperi; umambo hwake hahungatongogumi."

Maria akabvunza mutumwa akati, "Ko, izvi zvichaitika seiko sezvo ini ndiri mhandara?"

Mutumwa akapindura achiti, "Mweya Mutsvene achauya pamusoro pako, uye simba roWokumusoro-soro richakufukidza. Saka mutsvene achazvarwa achanzi Mwanakomana waMwari. Kunyange hama yako Erizabheti achava nomwana pamazuva okukwegura kwake, uye mwedzi uno ndowechitanhatu kuna iye ainzi asingabereki. Nokuti hakuna chinhu chisingagonekwi naMwari."

Maria akati, "Ini ndiri muranda waShe. Ngazviitike hazvo kwandiri sezvamareva." Ipapo mutumwa akabva paari.

Maria ainge aripamabasa ake emazuva ose apo ngirozi Gabrieri inozviratidza kwaari yomuzivisa kuti aizova nemwana. Sokuziva kwedu kuti hazvigoneke kuti munhukadzi agova nemwana asina kusangana nemunhurume. Maria unobvunza Gabrieri kuti izvi zvaizogoneka sei iye ainge asati azivana nemurume. Garieri anomuti, "Zvinhu zvose zvinogoneka naMwari." Anomuzivisa kuti, "Mweya mutsvene uchauya, iwe ugofukidzwa nesimba raMwari".

Tinodzidza nekuziva kuda kwaMwari kubudikidza nekunzvera Shoko rake; Bhaibheri. Tikasararama maringe neShoko rake, tinopotsa hurongwa hwaMwari pamusoro pehupenyu hwedu uye hatigone kurarama tiri mukudziya kwerudo – izvi zvinova zvinorwadzisa Mwari nekuti vane rudo rukuru nesu.

- Ko, Jesu anoita sei uye anoti kudii pamusoro pemukadzi anobatwa ari muupombwe?

  Vanomuponesa kubva kurufu runorwadza chose

  Vakamumiririra kubva kuvakuru vechechi

  Vakabatsira avo vaimupoera mhosva kuti vaonewo kutadza kwavo

  Vanonomurwira pakupomerwa kwake, vomuregerera

  Vanomudzoreredza chimiro nekumupa upenyu une chinangwa chitsva

- Unofunga kuti kuita kwaJesu kwakarevei muhupenyu hwemukadzi uyu?

  Vakamupazve mumwe mukana wekurarama. Vanomuratidza kuti aive akakosha zvikuru uye akakodzerawo kuponeswa.

- Ko, mukadzi uyu ane chaakaita here kuti agozova anoregererwa?

  Kwete! Mwari vanopa kuregererwa kuna vose vanomukumbira. Chake kwaiva kungo gamuchira badzi ruregerero urwu.

Uhwu ndiwo ukama naMwari Baba kubudikidza naJesu Kristu. Zvimwe zvitendero zvino umbwa pahwaro hwemabasa – zvinoti munhu anofanira kuita zvakanaka kuti agove anogamuchirwa naMwari. Ukama hwedu naMwari munaKristu hauneyi namabasa nokuti tir vakaga-muchirwa uye vakaregererwa kubudikidza naIshe Jesu Kristu.

Verengai **Vafeso 2: 8 – 9**

Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza.

Upenyu ne**Rufu** mashoko anokosha zvikuru muShoko raMwari. Shoko raMwari rinotidzidzisa pamusoro pezve upenyu uye rufu rwepanyama nepamweya.

Johani 17:3

Ndima dzinotevera dzinotaura pamusoro pezverufu rwepamweya.

Verengai **Vakorose 2: 13 – 14**

Pamakanga makafa muzvivi zvenyu uye nokusadzingiswa kwomunhu wenyu wekare, Mwari akakuitai vapenyu muna Kristu. Akatikanganwira zvivi zvedu zvose, akadzima mutemo wakanyorwa, nezvirevo zvawo, uyo wakanga uchirwa nesu uye waimira uchipikisana nesu; akaubvisa, achiuroverera pamuchinjikwa.

CHIDZIDZO CHETATU

JESU KRISTU: SIMBA REDU ZUVA ROGA ROGA

Maria, mai vaJesu: Simba rezuva rimwe nerimwe muupenyu!

HURUKURO

Pane here angade kugoverana neboka pausoro pechivi icho Mwari vakamuratidza mukati mesvondo rapfuura uye kuti akaitei nezvazvo?

ONAI

Onai chikamu chetatu chefirimu *Mary Magdalena* icho chiripamusoro pekuzvarwa kwaJesu. (1: 40 min)

Verengai **Ruka 1: 26 – 38**

Udza Vamwe

Verengai **2 vaKorinde 1:3-5**

Ngaarumbidzwe Mwari naBaba vaIshe wedu Jesu Kristu, ivo Baba vengoni naMwari wokunyaradza kwose, ivo vanotinyaradza pa-matambudziko edu ose, kuti tigone kunyaradza avo vari mumatambudziko nokunyaradza kwatakawana isu kubva kuna Mwari. Nokuti sokuwanda kunoita matambudziko aKristu paupenyu hwedu, ndiko kuwandawo kunoita kunyaradzwa kwedu naKristu.

Semakristu, hatisi vasingasangane nematambudziko muupenyu. Kamubatsirio ako Jesu vanotiita mumatambudziko edu kanova chikamu chikuru chenhorondo yeupenyu hwedu uye kanoti gonesa kuti tive vanopa simba netariro kune vamwe vangadaro vari mumatambudziko mamweyo. Kunyaradzwa nekuporeswa uko Mwari vanotipa handikwedu togaba. Tinokudza Mwari nekumupa rumbidzo apo tinogoverana nevamwe izvo Mwari anenge atiitira.

Denha boka kuti kana Mwari vane chikamu cheupenyu hwako icho vakadzoreredza kana kupodza, tora mukana wekugoverana nemumwe munhu angadaro arimumatambudziko mamweyo, uchimupa kurudziro netariro.

Nyora pasi kana pane chikamu cheupenyu hwako chaunoda kudzoreredzwa nekuporeswa. Kuda ndezvepanyama, zvemweya, kana ukama hwako

Wanga Uchizviziva Here?

Zvakanga zvisingatenderwe patsika dzenzvimbo yeParesitina kuti munhukadzi aite hurukuro nemunhurume waaisaziva panguva iyi.

Paivawo zvakare kusawirirana kukuru pakati pemaJudha nemaSamaria panguva iyi sezvo maSamaria vaiva rudzi rwemusanganiswa. Mukadzi uyu anotobvunza Jesu, “Ko, sei iwe muJudha uchindikumbira mvura yekunwa ini ndiri muSamaria?” kumaJudha panguva iyi, shoko rekuti “muSamaria” raingoreva zvimwezvo nekuti “imbwa”. MaJudha aisarudza kupoterera mitunhu vachinzvenga kupfuura nemuSamaria kana kusangana nemaSamaria.

Iko kuti mukadzi uyu ainge ochera mvura patsime nguva yemasikati inotiratidza zvizhinji nezvake. Zvichida ainge achisina chimiro kuvazhinji nekuda kwemararamiro ake eupombwe saka ainge osemwa nevazhinji.

Mukadzi muSamaria uyu ainge asinga tarisire kuti Jesu vanga taura naye, zvikurusa kumukumbira mvura yekumwa zvako.

Jesu akati, "Mai, nditendei, nguva inouya yamuchanamata Baba musiri pagomo rino kana muJerusarema. Imi vaSamaria munonamata chamusingazivi; isu tinonamata chatinoziva, nokuti ruponeso runobva kuvaJudha. Asi nguva inouya uye yatouya zvino apo vanamati vechokwadi vachanamata Baba mumweya nomuzvokwadi, nokuti ndivo vanamati vanotsvakwa naBaba kuti vamunamate. Mwari mweya, uye vanomunamata vanofanira kumunamata mumweya nomuzvokwadi."

Mukadzi akati, "Ndinoziva kuti Mesiya anonzi Kristu ari kuuya. Paanouya, acharondedzera zvinhu zvose kwatiri."

Ipapo Jesu akataura akati, "Ini ndiri kutaura newe ndini iye."

…….Ipapo, asiya chirongo chake, mukadzi akadzokera kuguta akandoti kuvanhu, "Uyai, muone murume anditaurira zvinhu zvose zvandakaita. Kuti uyu angava iye Kristu here?" Vakabuda muguta vakapinda munzira yavo vakananga kwaari.

…….VaSamaria vazhinji vaibva muguta iro vakatenda kwaari nokuda kwouchapupu hwomukadzi hwokuti, "Akanditaurira zvose zvandakaita." Saka vaSamaria vakasvika kwaari, vakamukumbira kuti agare navo, nokudaro akagarapo kwamazuva maviri.

- Nhoroondo yemukadzi uyu ndeyei?

  Aiva muSamaria.

  Ainge amboroorwa kanokwana kashanu.

  Ainge asina kuroorwa pane ino nguva asi achigara nemurume.

  Aive neushingi, ungwaru uye anofanira kuva aiva nechimiro chakanaka icho chaikwezva varume.

nehama neshamwari. Torai nguva yekuzviturira kuna Ishe, muchitenda kuti achaunza kupodzwa muupenyu hwenyu.

Zvichida une chikamu cheupenyu hwako icho Mwari vakapindura nenzira yawanga usina kutaririra, chiturire kunaMwari. Tenda Mwari mukutenda (kuva nekuvimba naye), zvisinei nemhinduro yavo. Iro danho rekutenda Mwari rinoratidza kuvimba kwako navo. Usava unorasa kuvimba kwako mukunaka kwaMwari. NdiMwari vakanaka uye vane rudo rukuru newe!

Zvakakosha kunzwisisa kuti dzimwe nguva matambudziko edu akadzamisa zvekuti hatikwanisi kumira toga. Takafanira kutsvaga mumwe akavimbika; shamwari, hama kana mufundisi kuti ave anotibatsira. Usatya kutsvaga rubatsiro kuti tive tinowana kupodzwa. Kumbira Mwari kuti uve unowana mumwe munhu akafanira, akavimbika anga mira newe.

VaHebheru 10: 17

Asi muprista uyu akati abayira chibayiro chimwe chete chenguva dzose, akagara kurudyi rwaMwari.

Mukati mesvondo rino ipa Mwari mukana wekukuratidza kukundikana kwako zuva roga roga. Tora mukana wekureurura kuna Mwari uye nekugamuchira ruregerero rwake uye nekumutenda nekukuregerera.

- Kubva mundima iyi, chii chakaitwa kukutongwa kwaiva pamusoro pedu?

Kwakadzimwa

Mwari vakakurovera pamuchinjikwa waJesu

Haticha rarami tiri pasi pemurawo waMosesi, uyo unotaurwa mundima iri pamusoro iyi, asi tavekurarama tiri pasi pekutongwa kutsva kunobva mumwoyo yedu.

Sovanhukadzi tine kutarisirwa kukuru maringe neunhu, tsika nemararamiro edu. Nokudaro panova nekuvigiridza kukuru kana tichinge takundikana pane tarisiro iyi. Vazhinji vedu vanorarama vari muuranda hwetarisiro iyi pamusoro pavo!

Mwari vanoti ivo muna **Varoma 8:1**

Naizvozvo zvino, hakuchina kupiwa mhosva kuna vari muna Kristu Jesu,

- Maringe nendima iyi, ndechipi chokwadi pamusoro peavo vari munaKristu?

Havachina kupomerwa

- Kuziva kuti hapachina kupomerwa mhosva kweavo nari muna Kristu kungashandura sei maonero atinozviita?

Tinotanga kutenda kukosha kwedu munaKristu

Tinova vakasunungurwa

- Ko, izvi zvorevei mumaonero nemabatiro atingaita vamwe?

Vakakodzerawo kubatwa semabatiro atakaitwa na-Kristu- havafaniri kuva nekupomerwawo

Jesu Kristu pavanoregerera mukadzi uyu vanoti kwaari, *"Enda hako asi usazotadzazve."*

Jesu vanenge vachimukurudzira kugamuchira kuregererwa nekusunungurwa, uye kuraramazvino ari muupenyu hutsva uhwu.

Zvimwechetezvo nesu, takaregererwa asi kuregererwa nekusunungurwa uku kunouya nemararamiro matsva. Izvi hazvirevi kuti hatichakundikani asi zvinotaura mararamiro matsva pamafungiro nemaitiro.

1 Johani 1: 9 – 10

Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose. Kana tichiti hatina kutadza, tinomuita murevi wenhema uye shoko rake harizi matiri.

- Zvino tingaita sei apo tinenge takundikana?

Kureurura zvivi zvedu nekukumbira ruregerero

Zvichida ungadaro une kukundikana kuri muupenyu hwako kuri kukutadzisa kuva neukama wakanaka naMwari Baba. Tora danho rekureurura pane ino nguva kuna Mwari. Kureurura kubvimirana naMwari kuti mafungiro edu kana maitiro edu chivi pamberi pake. Tinotenderana naye kuti chivi, tokumbira kuti ave anotiregerera, togamuchira kuregererwa kwedu nekuda kwerufu rwaJesu Kristu pamuchinjikwa, uye sekuvimbisa kunoita Shoko raMwari (**1Johani 1: 9 – 10**)

Kumutungamiriri:

Govera zvinyoreso uye pekunyorera kune mumwe neumwe weboka.

Torai nguva yekurerura:

1. Mumwe neumwe ngaanyore chivi chipi nechipi anorangarira chaanga asina kumboreurura nezvacho. Hapana akafanira kuti aone zvanyorwa nemumwe! Muchinyararire kumbira Mwari kuti vakuratidza zvivi zvakavanzika kana kuti zvaungadaro wakanganwa. Toranguva yekukumbira ruregerero pamusoro pechimwe nechimwe chawanyora. Rangarira kuti Mwari vane rudo rukuru newe!
2. Kana wapedza zvino chinyora mashoko endima **1 Johani 1: 9 – 10** pamusoro pezvawanyora.

Kana wapedza kunyengetera nekukumbira ruregerero tora zvino nguva yekugamuchira nekutenda ruregerero rwaMwari pamusoro pezvivi zvako. Chibvarura kapepa kaye sechiratidzo cheruregerero uye kanganwiro yaMwari kwauri.

Ko, zvivi/chivi chako chavepi iko zvino?

Kuregererwa kunounza kusunungurwa kubva mumhosva nekutongwa!

Mapisarema 103: 12

Sokuva kure kwamabvazuva namavirira, saizvozvo akabvisa kudarika kwedu kwatiri.

CHIDZIDZO CHECHINOMWE

JESU KRISTU, MVURA YEDU MHENYU

Mukadzi Patsime: Ko, ungandikwanira here?

HURUKURO

Ko, Mwari vakusimbisa nekukukurudzira sei pazvishuwo zveupenyu hwako mukati mesvondo rino? Kana wakava nemukana wekukurudzira nekusimbisawo mumwe nenhoroondo yeupenyu hwako, ungada here kugoverana neboka?

ONAI

Onai chikamu chechinomwe chefirimu: MUKADZI MUSAMARIA PATSIME.

Verengai **Johani 4:7, 9-26, 28-30, 39-40**

Mukadzi muSamaria akati auya kuzochera mvura, Jesu akati kwaari, "Ndipewo mvura yokunwa?"

……Mukadzi muSamaria akati kwaari, "Iwe uri muJudha uye ini ndiri muSamaria. Seiko uchikumbira kwandiri mvura yokunwa?" (Nokuti va-Judha havadyidzani navaSamaria.) Jesu akamupindura akati, "Dai waiziva chipo chaMwari uye kuti ndiani anokumbira mvura kwauri, ungadai wakumbira kwaari uye angadai akupa mvura mhenyu." Mukadzi akati, "Ishe, hamuna chamungacheresa nacho uye tsime rakadzika. Ko, mvura mhenyu mungaiwanepi? Ko, imi muri mukuru here, kuna baba vedu Jakobho, avo vakatipa tsime uye vakanwa pariri ivo pachavo, sez-vakaitawo vanakomana vavo namakwai avo nemombe?"

Jesu akapindura akati, "Ani naani anonwa mvura iyi achava ne-nyotazve, 14asi ani naani anonwa mvura yandichamupa haangatongovi nenyota. Zvirokwazvo, mvura yandichamupa ini ichava maari chitubu chemvura inoerera kuupenyu husingaperi."

Mukadzi akati kwaari, "Ishe, ndipei mvura iyi kuitira kuti ndirege ku-zova nenyotazve uye ndirege kuramba ndichingouya kuzochera mvura pano."

Iye akati, "Enda, undodana murume wako ugodzoka pano."

Akapindura akati, "Handina murume."

Jesu akati kwaari, "Wareva zvakanaka pawati hauna murume. Chokwa-di ndeichi, wakava navarume vashanu, uye murume waunaye zvino haazi murume wako. Zvawabva mukutaura ndicho chokwadi."

Mukadzi akati, "Ishe, ndinoona kuti muri muprofita. Madzibaba edu ainamata pagomo iri, asi imi vaJudha munoti, nzvimbo yatinofanira kunamata tiri ndimo muJerusarema."